



Pou Piblikasyon Imedya: 04/02/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO BAY ENFÒMASYON AJOU SOU CORONAVIRUS LA

Pa Gen Okenn Ka Ke yo Konfime nan New York

11 Tès Retounen Negatif ak Sis ki Toujou Ankou

*Moun New York yo Ka Rele nan 1-888-364-3065 ak Kesyon oubyen Enkyetid
Konsènan Vwayaj ak Sentòm yo*

*Sitwèb Depatman Sante Eta a - [NY.Gov/Coronavirus](https://www.ny.gov/coronavirus) - Bay Enfòmasyon Ajou sou
Coronavirus la pou Moun New York yo ak Enstriksyon pou Pwofesyonèl Swen
Sante yo*

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yon mizajou sou eta tès pou nouvo coronavirus nan Eta New York la. Jiska jodi a, yo te voye echantiyon ki soti nan 17 Moun New York bay Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) yo pou teste. Pami yo, 11 te retounen negatif. Twa echantiyon ki soti nan Vil New York ak twa echantiyon ki soti nan Eta New York yo ankou, pou sis echantiyon total ki ankou. Toujou pa ko gen ka coronavirus ke yo konfime nan Eta New York.

Jan Gouvènè Cuomo te anonse l dimanch lan, yon liy ijans te etabli pou Moun New York yo rele nan **1-888-364-3065** kote ekspè nan Depatman Sante a ka reponn kesyon konsènan Coronavirus la. Depatman Sante a te kreye tou yon [sitwèb ki dedye](#) kòm yon resous pou Moun New York yo.

"Menm si pa gen okenn ka coronavirus ki konfime nan Eta New York, nou kontinye pran tout prekosyon ki nesèsè pou asire sante ak sekirite tout Moun New York", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Pandan risk la toujou ba pou Moun New York yo, nou ankouraje chak moun rete vijilan, rete enfòmè, swiv mezi yo rekòmande pou pwoteje tèt yo ak fanmi yo, epi rele liy ijans pou coronavirus nou an si ou toujou gen kesyon oubyen enkyetid."

Depatman Sante (Department of Health) a kontinye bay enstriksyon pou preparasyon pou etablisman swen sante New York ak depatman sante lokal yo e l ap travay etwatman ak Otorite Pòtyè New York ak New Jersey (Port Authority of New York and New Jersey) pou konfòme yo ak pwotokòl antre CDC dirije pou vwayajè k ap rive soti Lachin yo -- ki te antre anvigè dimanch swa.

Komisè Depatman Sante Eta New York la, Doktè Howard Zucker, te deklare, "Pandan sityasyon an kontinye ap evolye, Depatman Sante Eta a rete nan kontak etwa ak patnè federal, eta ak lokal nou yo pou pwoteje sante tout Moun New York. Li enpòtan pou moun yo pran prekosyon ki apwopriye, menm jan yo ta dwe fè pou pwoteje tèt yo kont grip, epi gen konfyans ke nou prepare pou jere pwoblèm sante piblik sa".

Sentòm coronavirus la ka enkli:

- Tous
- Gòjfèmal
- Lafyèb

Byenke pa genyen vaksen kont coronavirus la aktyèlman, mezi prevantiv chak jou ka ede stope pwopagasyon sa ak lòt viris respiratwa yo ki enkli:

- Lave men ou souvan ak dlo pandan omwen 20 segond. Si pa gen savon ak dlo ki disponi, itilize dezenfektan pou men abaz alkòl.
- Evite touche zye, nen ak bouch ou ak men ki pa lave
- Evite kontak pre ak moun ki malad.
- Rete lakay ou lè ou malad.
- Kouvri tous ak etèniman ou ak yon papye, apre sa jete papye a nan poubèl.
- Netwaye epi dezenfekte objè ak sifas ou touche souvan.

Moun k ap eksperimente sentòm yo e ki ka te vwayaje nan zòn ki konsène yo, oubyen ki ka te an kontak ak yon moun ki te vwayaje sou lanmè, ta dwe rele pwofesyonèl swen sante yo a alavans anvan yo prezante pou trètman.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)